No. of Printed Pages : 4

**BMAF-001**

# BDP/BCA/BTS

## सत्रांत परीक्षा

## जून, 2022

## BMAF-001 : मैथिली में आधार पाठ्यक्रम

*Time : 2 hours* *Maximum Marks : 50*

***नोट :*** *निम्नलिखित **सभ** प्रश्नक उत्तर देब अनिवार्य अछि ।*

---

**1.** एतय शुद्ध अशुद्ध दुनू प्रकारक शब्द देल जाइत अछि । अहाँ शुद्ध शब्दमे सही (✓) चिह्न लगाउ : *5*

(क) युत् (  ) युत (  )

(ख) साँढ़ (  ) साँढ (  )

(ग) द्रोनाचार्य (  ) द्रोणाचार्य (  )

(घ) श्रींगार (  ) शृंगार (  )

(ङ) रबर (  ) रबड़ (  )

**2.** निम्नलिखित शब्दक विपरीतार्थक शब्द लिखू : *5*

(क) राति

(ख) तप्पत

(ग) उष्ण

(घ) भगवान

(ङ) देव

**3.** निम्नलिखित शब्दक पर्यायवाची शब्द लिखू : *5*

(क) प्रसून

(ख) राजा

(ग) गगन

(घ) सरसिज

(ङ) मिथ्या

**4.** रिक्त स्थानकेँ भरू : *5*

(क) मिथिलाक्षर मैथिलीक ___________ थिक ।

(ख) पटनाक राजधानी ___________ थिक ।

(ग) कीर्तिलता ___________ रचना थिक ।

(घ) लिखनावलीक रचनाकार ___________ छथि ।

(ङ) मिथिलाक भाषा ___________ थिक ।

**5.** निम्नलिखित शब्दक बहुवचन लिखू : *5*

(क) देव

(ख) ऋषि

(ग) लोक

(घ) सभा

(ङ) हम

**6.** कोनो ***एक*** अवतरणक अर्थ 150 शब्दमे लिखू : 7

(क) जन्म-दिवस थिक, माय गोसाउनि मनबथि लय फल-फूल
क्यौ सुरभित तन सिङरहार सन झहरि चढ़य पद-धूल
पिता आइ पूजा आसन पर मंगल चण्डी-पाठ
जुटल बधाबा देबय आगत मित्र-मंडलिक ठाठ
रंग-विरंगक पत्र डाकसँ अभिनन्दन केर छन्द
जन्म-दिवस थिक हमर आइ घर भरि उमड़ल आनन्द
गणक गुनथि ग्रह वर्ष-प्रवेशक शुभसूचक अवदात
किन्तु गनी हम पलक जीवनक बीतल अछि कत तात
संचित आयु कोषसँ होइछ श्वास-श्वास व्यय हन्त
वर्ष-प्रवेशक हर्ष-अमृतमे घोरल विषमय अन्त

(ख) करुणागार उदार प्राणपति, वन देल दोष लगाय रे ।
देवर-दोष विधिक हम की कहु, जनि घर धर्म्म न न्याय रे ।।
हमरहि हेतु दशानन मारल, कपिगण सङ्ग लगाय रे ।
तखन पतिव्रत हमर देखल सभ, अनल मे गेलहुँ समाय रे ।।
नैहर जौँ मिथिला चलि जायब, कहत बाप की माय रे ।
पुरुष-परशमणि-कर हम सोपल, अयली कि नाम हँसाय रे ।।
सिरिस सुमन बरु होय अशनि सन, अशनि तेहत भय जाय रे ।
से बरू होय, होथि नहि अकरुण, अहँकाँ बड़का माय रे ।।
की कहब कहय योगि नहि रहल हुँ, मेलहुँ सबहिकाँ भार रे ।
कतहु रहब जानकि जन कहते, श्री रघुनन्दन-दार रे ।।

**7.** कोनो ***एक*** विषय पर तीन सय शब्दमे निबंध लिखू : *7*

(क) चन्दा झा

(ख) रामकृष्ण झा किसुन

(ग) विद्यापति

**8.** 'पीयर आँकुर' निबंधक विषयसँ परिचय कराउ : *7*

**9.** कोनो ***एक*** शीर्षक पर निबंध लिखू : *4*

(क) अनुवाद करबाक व्यावहारिक ज्ञान

(ख) काव्यकला

(ग) समदाउन